



Pou Piblikasyon Imedya: 18/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE KANPAY NAN TOUT ETA A POU METE AKSAN SOU ASISTANS POU CHOFAJ AK POU SÈVIS PIBLIK POU NOUYÒKÈ KI GEN DIGIKILTE YO**

*Kanpay la egzije Nouyòkè ki elijib yo pou yo aplike pou divès pwogram eta pou ede peye depans pou chofaj ak sèvis piblik yo pandan mwa ivè yo a ap pwoche*

*Yo ofri konsèy ak pi bon pratik pou konsomatè yo pou ede lokatè yo ak pwopriyetè kay yo pwoteje yo kont ogmantasyon pri sèvis piblik yo*

Gouvènè Kathy Hochul te lanse jodi a yon nouvo [kanpay medya dijital](#) ki fèt pou sansibilize sou divès pwogram eta ki disponib pou ede Nouyòkè ki gen difikilte yo peye depans chofaj ak sèvis piblik yo pou evite entèripsyon potansyèl nan sèvis yo pandan mwa sezon fredri k ap vini yo. Ak pri sèvis piblik yo ki prevwa ogmante sezon sa a, kanpay la pral bay konsèy ak pi bon pratik pou ede fè fas ak depans pou chofaj kay ki pi wo pase mwayèn.

"Ogmantasyon depans pou chofaj ak sèvis piblik yo pou mwa ivè yo kapab ase pou kraze ekonomi anpil Nouyòkè ki deja ap lite pou debwouye yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo kanpay sa a pral mete aksan sou anpil pwogram ak resous ki disponib pou moun ki nan bezwen yo—soti nan asistans finansyèl dirèk rive nan atelye gratis sou klimatizasyon yo ofri pou pwopriyetè kay ak lokatè ki gen revni fèb yo. Konekte moun yo ak pwogram sa yo enpòtan anpil pou asire moun yo ka chofe kay yo nan mwa glasyal k ap vini yo."

**Asistans pou Chofaj ak Sèvis Piblik**

Pwopriyetè kay ak lokatè ki kalifye yo ka aplike pou Pwogram Asistans Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HAEP) la, ki founi jiska 751 dola tou depann de revni yo, kantite moun ki nan kay la ak fason yo chofe kay la. Yon fanmi ki gen kat moun ka gen yon revni mansyèl brit maksimòm ki se 5,249 dola oswa yon revni anyèl brit ki se 62,983 dola epi yo toujou kalifye pou jwenn avantaj yo —yon ogmantasyon modès pa rappò ak ane anvan an.

Administre pa Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), yo aksepte aplikasyon pou HEAP yo an pèsòn nan [depatman lokal sèvis sosyal yo](#) oswa pa telefòn, epi y'ap bay finansman sou baz yo ap

sèvi moun ki vini anvan yo an premye. Rezidan andeyò Vil New York yo ka [aplike sou entènèt](#) tou pou avantaj asistans chofaj regilye yo.

Eta New York ap bay tou 150 milyon dola nan finansman federal pou ede fanmi ki gen revni fèb yo peye aryere sèvis piblik pou chofaj yo. Sipleman aryere regilye yo disponib pou kay ki elijib yo pou HEAP epi ki pran reta sou bòdwo chofaj sèvis piblik yo, men ki pa kalifye pou asistans sèvis piblik la ke yo ofri nan Pwogram Asistans Ijans pou Lwaye (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) New York la. Peman yon sèl fwa atravè sipleman aryere regilye yo kapab kouvri tout aryere sèvis piblik pou chofaj akimile yo jiska 10,000 dola pou chak kay, ak aplikasyon pou asistans ke yo aksepte nan depatman sèvis sosyal lokal la an pèsòn oswa pa telefòn.

Jiska prezan, gen apeprè 523,000 kay ki deja resevwa 158.6 milyon dola nan benefis regilye HEAP yo pandan sezon chofaj 2021-22 a. Menm jan an tou, yo te peye plis pase 79 milyon dola nan non 50,000 kay pou Sipleman Aryere Regilye, ki te ouvri pou aplikasyon nan fen mwa septanm lan.

OTDA ap aksepte aplikasyon tou pou avantaj reparasyon oswa ranplasman ekipman chofaj li a Pwopriyete kay ki elijib yo kapab aplike kounye a pou jiska 3,000 dola pou reparasyon oswa 6,500 dola pou ranplasman yon fou, yon chodye oswa lòt ekipman chofaj dirèk ki nesèsè pou kenbe sous chofaj prensipal kay la an fonksyon. Anplis de sa, kay ki elijib yo ka resevwa sèvis efikasite enèji, ki gen ladan netwayaj ekipman chofaj prensipal yo pou pèmèt li fonksyone san danje epi yon fason efikas.

Apati 3 janvye, HEAP pral bay yon benefis ijans inik tou pou kay ki elijib yo ki ap fè fas ak yon ijans pou chofaj.

**Komisè Egzekitif Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta a, Barbara C. Guinn, te deklare,** "Pou anpil Nouyòkè, pri chofaj kay la reprezante yon gwo fado sou bidjè kay yo, menm anvan yo konsidere ogmantasyon yo prevwa nan depans sa yo pandan ivè sa a. Pwogram sa yo vize pou soulaje kèk nan fado sa a epi ede fanmi ki gen revni fèb yo nan tout eta nou an debwouye yo pandan mwa sezon fredri yo."

Bòdwo elektrik ak gaz natirèl yo prevwa pi wo pou sezon ivè 2021-2022 an pase ane pase a, ak gaz natirèl ke yo prevwa k ap ogmante an mwayèn anviwon 21 pousan nan tout eta a, dapre [Komisyon Sèvis Piblik New York \(New York Public Service Commission\) la](#). Etandone pwojeksyon sa a, Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Division of Consumer Protection) Eta New York la ap ofri konsèy pou konsomatè yo pou yo ka fè fas ak pri chofaj kay ki pi wo pase mwayèn yo espere sezon ivè sa a:

- **Pran mezi pou vin pi efikas an enèji.** Konsomatè yo ka pran ti mezi lakay yo, tankou bese tèmosta a kèk degre, sèvi avèk rido ki ede kenbe chalè a anndan, epi ajoute materyèl metewo pou kouvri fenèt ak pòt yo- tout sa ki se swa pa oswa amelyorasyon pri ki ba. NYSERDA ofri [konsèy](#) pou ekonomize enèji pou rezidan yo ak pwopriyete yo kay ki ka diminye itilizasyon enèji. Kliyan ki elijib pou revni yo ka kalifye tou pou amelyorasyon enèji a pri redui oswa gratis nan kay yo atravè pwogram [Empower New York](#) la ak pwogram [Pèfòmans Adomisil](#)

[Asiste ak ENERGY STAR®](#). Pwopriyetè kay yo ta dwe tcheke tou ak konpayi gaz ak sèvis piblik lokal yo pou jwenn aksè ak pwodwi ak sèvis rabè ki ka ede yo diminye pri enèji yo.

- **Jwenn yon odit enèjetik gratis.** Pwopriyetè kay New York yo elijib pou yon evalyasyon enèji lakay yo gratis atravè [Pwogram Odit Enèjetik Rezidansyèl \(Residential Energy Audit Program\)](#) NYSERDA a. Kontraktè kalifye yo ede pwopriyetè kay yo decide epi enstale amelyorasyon enèji ki ke yo merite, answit ede yo konekte ak pwogram finansman NYSERDA ki gen enterè fèb yo.
- **Fè mizajou pou pase nan yon ponp tèmik enèji pwòp.** Ak depans gaz k ap monte yo, pwopriyetè kay yo ka konsidere tranzisyon soti nan ekipman chofaj gaz fosil pou pase nan yon sistèm ponp tèmik enèji pwòp. Pwogram [Chofaj Pwòp NYS \(NYS Clean Heat\) la](#) ofri pwopriyetè kay yo rabè pou enstale alafwa ponp tèmik (jewotèmik) tèrès ak ponp tèmik ayeryèn pou klima frèt.
- **Patisipe nan yon kanpay chofaj ak refwadisman pwòp.** NYSERDA sipòte kominote yo atravè eta a nan mete an aplikasyon [kanpay sansibilizasyon ak edikasyon kominotè](#) pou chofaj ak refwadisman pwòp. Kanpay sa yo fèt pou ede konsomatè yo konprann teknoloji ponp tèmik ak teknoloji amelyorasyon kay ak avantaj pa yo. Manm kominotè yo ka negosye tarif yo ansanm, chwazi yon enstalasyon fason konpetitif, epi diminye depans alavans lè yo enskri nan yon kanpay lokal.
- **Konnen dwa ak pwoteksyon ou.** Lwa sou Pratik Ekitab Enèji Kay (Home Energy Fair Practices Act) Eta New York la gen pwoteksyon konplè pou kliyan rezidansyèl yo konsènan sèvis piblik pa yo. Dwa sa yo enkli opsyon pou peye bòdwo an vèsman, yon limit sou frè anreta yo, ase avi anvan yo fèmen sèvis yo, ak pwoteksyon pou moun ki gen yon revni fiks oswa ki gen pwoblèm medikal yo. Aprann sou sa yo nan Depatman Sèvis Piblik nan Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) nan [AskPSC](#).
- **Konsidere opsyon peman bòdwo yo.** Konsomatè rezidansyèl yo ka mande founisè sèvis piblik yo ransèyman sou opsyon bòdwo ki pèmèt peman difere oswa 'bòdwo bidjetè' pou egalize bòdwo sèvis piblik ki pi wo nan yon sezon epi ki pi ba nan yon lòt. Sa ka ede estriktire peman yo pou fè li pi fasil pou oryante depans yo.
- **Enskri nan solè Kominotè.** Solè kominotè pèmèt Nouyòkè yo ekonomize lajan sou bòdwo elektrik yo chak mwa. Konsomatè yo ka abònman nan yon pwojè solè kominotè epi kòmanse resevwa kredi sou bòdwo elektrik regilye yo pou enèji pwòp yon fèm solè pwodui. Lokatè yo, pwopriyetè ko-pwopriyetè/kondominyòm ak biznis yo ka ekonomize lajan lè yo gen aksè ak enèji pwòp ki pwodui nan fèm solè sa yo. Aprann plis sou fason pou w enskri nan solè kominotè sou [sit entènèt](#) NYSERDA a.

**Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare,** "Efè ki dire lontan pandemi COVID-19 la ap fè repèkisyo sou anpil kay, e ogmantasyon nan bòdwo elektrik ak gaz se yon lòt bagay ankò ki bay enkyetid. Kanpay sa a pral ede mete aksan sou anpil resous ki disponib isit la nan New York pou ede kouvri depans sèvis piblik yo. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo pran avantaj sou anpil pwogram yo epi suiv konsèy

senp pou ekonomize enèji yo ki ka ede tout moun rete cho pandan mwa ivè ki fè frèt yo."

**Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare,** "Depatman Sèvis Piblik la travay aktivman ak sèvis piblik yo nan Eta New York pou asire ke konsomatè yo konnen fason pou redwi bòdwo enèji yo nan sezon fredi sa a. Anplis de sa, nou kontwole sèvis piblik yo ak anpil atansyon pou asire yo ofri tout pwoteksyon posib pou konsomatè yo pou sèvis yo kontinye san entèripsyon pandan mwa ivè ki fè frèt yo."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Tout Nouyòkè yo ka pran mezi ki senp pou ekonomize enèji epi redwi bòdwo sèvis piblik yo pandan tout ane a, tankou etenn limyè lè yo pa itilize yo, pa itilize opsyon chalè lè yo seche rad oswa asyèt oswa enskri nan yon pwojè solè kominotè lokal. Anplis de sa, yo ka eksplòre mezi ekonomi enèji alontèm tou, tankou mete ann aplikasyon amelyorasyon kay ki diminye fwit enèji epi fè kay yo pi konfòtab, nan investisman nan ekleraj oswa aparèy ki efikas an enèji, epi adopte opsyon chofaj ak refwadisman an enèji pwòp tankou ponp tèmik ki gen gwo efikasite, tout sa yo ap ede diminye depans enèji yo davantaj."

**Senatè Roxanne J. Persaud, Prezidan Sèvis Sosyal Sena a Eta New York la, te deklare,** "Chak Nouyòkè ta dwe enfòm sou HEAP. Se pa yon sekre kantite kay New York ki chaje ak enèji ki elijib pou asistans depase kantite aplikasyon pou asistans pou chofaj oswa refwadisman, klimatikasyon ak reparasyon nan pwogram HEAP la."

**Manm Asanble Linda B. Rosenthal, ki se Prezidan Komite Asanble eta a sou Sèvis Sosyal, te deklare,** "Pandan n ap antre nan mwa ivè yo, li enpòtan anpil pou Nouyòkè ki an difikilte pou yo peye bòdwo chofaj ak sèvis piblik yo konnen ke eta a gen pwogram ki disponib pou ede, tankou HEAP ak pwogram asistans pou sèvis piblik ijans yo. Plizyè milye Nouyòkè deja plonje nan kawo finansye akòz COVID-19, e anpil fanmi toujou ap trakase tèt yo pou mete manje sou tab yo epi kouvri depans pou lwaye, chofaj ak lòt sèvis piblik yo. Asistans vital sa a se yon kout men, e mwen kontan eta a ap fè sansibilizasyon."

### **Atelye Klimatizasyon**

Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA), atravè pwogram Edikasyon Enèji Kominotè pou Jistis Anviwònmanal (Environmental Justice Community Energy Education) li a, fè atelye sou klimatizasyon pou pwopriyetè kay ak lokatè ki gen revni fèb yo. Patisipan yo aprann sou fason ki pi senp pou diminye depans chofaj ak refwadisman yo, ki gen ladan chanjman pri ki ba yo ka fè nan kay yo pou ede prepare pou bezwen enèji nan sezon ivè ak ete yo. Anplwaye ekspè NYPA yo ap anseye sesyon entè-aktif sa yo, an patenarya ak òganizasyon kominotè yo, tankou tanp adorasyon yo ak òganizasyon nan katye yo.

Aprè chak atelye, NYPA distribye kit klimatizasyon gratis ki gen zouti pou aplike anpil nan mezi klimatik yo diskite pandan atelye a. Yo tradui atelye ak materyèl yo nan diferan lang pou asire yo byen kominike mesaj klimatizasyon yo bay manm odyans lan ki ka pale diferan lang. Pwogram edikasyon pou Jistis Anviwònmanal NYPA yo fèt pou bay alfabetizasyon sou enèji ak sansibilizasyon pou kominote ki istorikman defavorize yo. Antite ki elijib yo enkli òganizasyon ki sèvi rezidan ki abite tou pre [enstalasyon NYPA yo](#).

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Pwogram Jistis Anviwònmanal NYPA a, an akò ak angajman nou pou bay resous pou kominote ki defavorize yo, ofri atelye gratis sou klimatizasyon ak alfabetizasyon sou enèji pou manm nan kominote yo k ap viv toupre [enstalasyon pwodiksyon nou yo](#). Nou bay konsèy ak zouti ki pa koute chè ak lòt gratis ke ou ka itilize pou prepare kay ou pou sezon ki fè frèt la, pou kenbe kay ou cho ak bòdwo sèvis piblik ou yo ba."

Atelye yo fèt toupre enstalasyon NYPA yo nan North Country, nan rejyon Lwès New York, Sant New York, Rejyon Kapital la, Bronx, Brooklyn, Queens, Staten Island ak Long Island. Gen yon videyo ki gen yon echantiyon konsèy pou ekonomize enèji [isit la](#). Kontakte Ekip Jistis Anviwònmanal NYPA a nan [environmental.justice@nypa.gov](mailto:environmental.justice@nypa.gov) pou òganize yon pwogram alfabetizasyon sou enèji oswa pou jwenn enfòmasyon sou [atelye k ap vini yo](#).

Yon lòt resous ki disponib se Politik sou Aksesibilite Enèji (Energy Affordability Policy, EAP) New York la ki ekzije gwo sèvis piblik elektrik ak gaz natirèl eta a yo bay rabè sou bòdwo yo chak mwa pou kliyan ki elijib pou revni yo. Pou abòde pi gwo depans enèji nan sezon ivè sa a, Komisyon Sèvis Piblik New York la te ogmante bidjè pou pwogram EAP la soti 129 milyon dola pou rive nan 367 milyon dola, sa vle di gen 95,000 lòt fanmi ki gen revni fèb ki pral kapab resevwa avantaj yo, ki varye selon sèvis piblik yo. Ekspansyon pwogram nan pral lakòz plis rabè sible sou bòdwo yo.

Pou enskri nan pwogram rabè sou bòdwo sèvis piblik la, kliyan yo ta dwe kontakte sèvis piblik endividyèl pa yo:

Kliyan Con Edison yo: [Con Ed](#)  
Kliyan Orange ak Rockland yo: [O&R](#)  
Kliyan National Grid yo: [National Grid](#)  
Kliyan National Fuel Gas yo: [NFG](#)  
Kliyan NYSEG yo: [NYSEG](#)  
Kliyan Rochester Gas & Electric yo: [RGE](#)  
PSEG-LI Customers: [PSEG](#)  
Kliyan Central Hudson yo: [CH](#)

###

ANILE ENSKRIPSYON OU